



Department
of Labor
WORKING FOR YOU

Atansyon Anplwaye Lòt Kalite Endistri

Salè minimòm pa èdtan ki anvigè ant 1/1/2026 ak 31/12/2026

New York City			
Gwo Patwon (11 oswa plis anplwaye)		Ti Patwon (10 oswa mwens anplwaye)	
Salè Minimòm		Salè Minimòm	
\$17.00		\$17.00	
Travay siplemantè apre 40 èdtan \$25.50		Travay siplemantè apre 40 èdtan \$25.50	
Travayè ki touche poubwa		Travayè ki touche poubwa	
\$17.00		\$17.00	
Travay siplemantè apre 40 èdtan \$25.50		Travay siplemantè apre 40 èdtan \$25.50	

Long Island ak Westchester County		Rès New York State	
Salè Minimòm		Salè Minimòm	
\$17.00		\$16.00	
Travay siplemantè apre 40 èdtan \$25.50		Travay siplemantè apre 40 èdtan \$24.00	
Travayè ki touche poubwa		Travayè ki touche poubwa	
\$17.00		\$16.00	
Travay siplemantè apre 40 èdtan \$25.50		Travay siplemantè apre 40 èdtan \$24.00	

Si ou gen kesyon, si ou bezwen plis enfòmasyon oswa si ou vle depoze yon plent, tanpri ale sou sitwèb www.labor.ny.gov/minimumwage oswa rele nimewo: **1-888-469-7365**.

Kredi ak Alokasyon ki ka redui salè ou anba salè minimòm pa èdtan endike anwo a:

- **Tep** – Apati 31 Desanm 2020, anplwaye ou dwe peye tout pousantaj salè minimòm aplikab la, epi li pa ka pran okenn kredi tep.
- **Manje ak ebèjman** – Patwon ou ka reklame yon kantite lajan limite nan salè ou pou manje ak ebèjman li ba ou, depi li pa fè ou peye okenn lòt bagay. Tarif ak egzijans yo endike nan lòd ak rezime salè pa èdtan, ki disponib sou entènèt.

Patwon ou ka dwe ou **Salè pou Travay Siplemantè** anplis salè minimòm pa èdtan ki endike anwo a:

- **Travay siplemantè** – Ou dwe touche 1½ fwa salè pa èdtan regilye ou (pa mwens pase kantite lajan ki endike anwo a) pou kantite èdtan pa semèn ki depase 40 (oswa 44 pou anplwaye ki travay nan kay).
Eksepsyon: Travay siplemantè pa obligatwa pou pwofesyonèl salarye yo, oswa pou ekip egzekitif ak administratif ki gen salè yo pa semèn ki pi plis pase 75 fwa salè minimòm pa èdtan an.
- **Salè pou prezans** – Si ou ale nan travay dapre orè ou epi patwon ou voye ou lakay ou bonè, ou ka gen dwa pou touche kèk èdtan siplemantè nan salè minimòm pa èdtan pou jou a.
- **Pwolongasyon kantite èdtan yo** – Si jounen travay ou dire plis pase dis èdtan, ou ka gen dwa pou touche salè siplemantè pa jou. Salè pa jou a egal a yon èdtan salè a nan salè minimòm pa èdtan an.
- **Antretyen inifòm** – Si ou lave inifòm ou poukont ou, ou ka gen dwa pou resevwa salè siplemantè pa semèn. Salè pa semèn yo disponib sou entènèt.